Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 7 (6943) 17 февраль 2025 с. Итни ШагIбан 1446 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъалип Гъалипов: «ЦеретIурал росаби – къуватаб пачалихъ»

### ТIад Инхо, Килалъ, ЧIикь росабазул вакилзабигун дандчIвана

**Бакълъулазул администрациялда муниципалияб гIуцIиялъул бетIер Гъалип Гъалиповас иргадулаб нухалъ къабул гьаруна росабазул вакилзаби. Гьедин, араб анкьалъ гьев дандчIвана ТIад Инхо росдал гIадамалгун.**

Дандеlъиялда гьединго гIахьаллъана районалъул нухмалъулесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиев ва МухтарахIмад АхIмадов, «Село Верхнее Инхо» АСПялъул нухмалъулев МухтарахIмад МухIамадов, батIи-батIиял идарабазул нухмалъулел ва цогидал.

Цебе рехсараб росдал жамагIаталъ ва бакълъулазул тIалъиялъ халгьабуна поселениялъул администрациялъул хIалтIул хIасилазул, ТIад Инхо росдал школа цебетIеялда хурхарал суалазул. Гьединго гьоркьоб лъуна литературияв классик, гIалимчи, тарбиячи ва философ Инхоса ГIали –ХIажи гьавуралдаса 180 сон тIубаялда хурхун тадбирал гIуцIиялъул суалги. ПалхIасил, районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас рехсарал масъалаби тIуразе квербакъулел тIадкъаял кьуна ва малъа-хъваял гьаруна.



«Гумбетовский район» МРялъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов гьединго дандчIвана ЧIикь росдал жамагIатгунги.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Мухтарбий Ажековас жигараб хIалтIухъ баркала кьуна - 2 гьум.



Каримула МухIамадов: «КватIичIого Данухъ росулъе тIабигIияб газ биччазе буго» - 2 гьум.



Болъихъ: эркенаб гугариялъул рахъалъ къецал - 2- гьум.



МелъелтIа: волейболистазда гьоркьоб гьудуллъиялъулаб хIай -2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Каримула МухІамадов: «КватІичІого Данухъ росулъе тІабигІияб газ биччазе буго»

### ГІолохъанал хъизамазе кумек гьабиялъулги бицана

**КІудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон тІубаялъул хІурматалда муниципалитеталъул лъайкьеялъул идарабазда рагьарал дарсал тІоритІиялъул, районалъул росабалъе тІабигІияб газ бачиналъул, поселениязул генералиял планал гІуцІи, тасдикъ гьариялъул ва цогидал суалал рорхараб данделъи тІобитІана районалъул администрациялда.**

Тадбиралда гІахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетІер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместителал ГІалихан ДавудхІажиевас, МухтарахІмад АхІмадовас, батІи-батІиял идарабазул, СМИялъул вакилзабаз ва цогидаз.

Дагъистан Республикаялъул Бакълъул районалда бугеб МФЦялъул филиалалъул директор ГІумар МухІамадовас баян гьабуна ДРялъул архитектураялъул, бакІал раялъул ва ЖКХялъул министерствоялъ 2025-абилеб соналъул 22-абилеб январалда бахъараб № 11-пр-20 буюрухъалда рекъон («Об утверждении административного регламента предоставления государственной услуги по предоставлению молодым семьям социальных выплат на приобретение (строительство) жилья») гІолохъанал хъизамазе мина босизе яги базе кумек щвезе рес букІиналъул. Гьелда тІасан ргІа-ракьанде щун хъвараб макъала районалъул сайталда буго, суалал раккани, бакълъулазул мухъалда бугеб ДРялъул МФЦялъул хІалтІухъабаз жавабалги кьола.

Бакълъул районалда бугеб РЭУялъул нухмалъулев Каримула МухІамадовас бицана росабалъе тІабигІияб газ бачиналда хурхун бугеб ахІвал-хІалалъул. «ТІабигІияб газ рокъобе бачарал бакълъулазда тІадаб буго газовиял алатал хІалтІизариялъул халгьабизе нижергун къотІи-къай гьабизе. Газ хІалтІизабиялда тІасан хІинкъи гьечІолъи цІуниялде кІудияб кІвар буссинабизе ккола.

2021-2025-абилел соназул болжалалда жаниб Дагъистан Республикаялъул газ бачиналъул ва газификациялъул рахъалъ программа гІумруялде бахъинабиялда рекъон бакълъулазул ракьалда 4 росабазда гьоркьосеб ва 19 росдада жанисеб газалъул рогІрал лъеялъул иш проектированиялъул бутІаялда буго. КватІичІого Данухъ росулъе тІабигІияб газ биччазе буго», - ян бицана Каримула МухІамадовас.



Бергьенлъиялъул къоялде районалъул школазда рагьарал дарсал тІоритІиялъул график хІадур гьабиялъул хІакъалъулъ бицана лъайкьеялъул управлениялъул специалист Загьра ГІабдулаевалъ. Цогидал идарабазул ва гІуцІабазул вакилзабазги къокъал баянал кьуна гьабураб хІалтІултІуда тІасан.

Дандеруссиналъул ахиралда муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас киназдаго лъазабуна церелъурал масъалаби тІураялъулъ цолъи ва махщел бихьизабизабеян.

**Зугьра ГІабдулкъадирова**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

## Болъихъ: эркенаб гугариялъул рахъалъ къецал

### ЦІиликьа МухІамад ГІусмановас бергьенлъи босана

**Болъихъ районалъул Болихъ росулъ 2010-2011-абилел соназда гьарурал васазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул мугІрузул мухъалъул чемпионаталъул зоналияб этап тІобитІана. Гьенир гІахьаллъи гьабуна МелъелтІа бугеб ДЮСШялъул директор Барти Астимировасул нухмалъиялда гьоркь Гумбет районалъул спортшколазул тарбиячагІаз ва гьезул тренерал ГІумар ГІабдулгъаниевас, Шамхал Ибрагьимовас, Гъазгерей Гъазгереевас ва Ризван Рашидовас.**

Къецазул хІасилазда ЦІиликьа МухІамад ГІусмановас (МелъелтІа бугеб спортшколалъул тарбиячи) тІоцебесеб бакІ ккуна. Гьединго призалъулал бакІал росана ЧІиркъатІа росулъ бугеб спортшколалъул тарбиячагІаз: Гъоркь Инхоса МухІамад Сайгитовас – кІиабилеб бакІ, Игьалиса МухІамад Шапиевас – лъабабилеб бакІ.

Районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас спортсменазда ва гьезул тренеразда баркана эркенаб гугариялъул рахъалъ мугІрузул мухъалъул чемпионаталъул зоналияб этапалда лъикІал хІасилал рихьизари, гьарана гьезие спорталъулъ ва гІумрудулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

## МелъелтІа: волейболистазда гьоркьоб гьудуллъиялъулаб хІай

### ХІебдаса спортсменалги гІахьаллъана

МелъелтІа росулъ бугеб лъималазулгун гІолилазул спортивияб школалда ясазда гьоркьоб гьудуллъиялъулаб волейболалъул хІай тІобитІана. Тадбиралда гІахьаллъи гьабуна МелъелтІа, ЧІиркъатІа, Аргъвани росабазул, ва Шамил районалъул ХІебда росдал руччабазул спортивиял командабаз.

Тадбиралъул гІахьалчагІаздехун, гьалбадеридехун саламалъулаб кІалъай гьабуна МелъелтІа росулъ бугеб спортшколалъул директор Барти Астимировас, ЧІиркъатІа росулъ бугеб спортшколалъул директор Шамил Бакировас ва гьесул заместитель ГІабдулмажид Шихшалаевас ва цогидаз.

Волейболистаз бихьизабуна лъикІаб, рекІее гІолеб хІай, цоцалъ рекъараб командаялъулаб хІалтІи. Данделъи ана гьудуллъиялъулаб ахІвал-хІалалда. Гьудуллъиялъулаб хІай гІуцІаралъухъ тадбиралде рачІараз баркала кьуна МелъелтІа росулъ бугеб спортивияб школалъул директор Барти Астимировасе ва спортивиял школазул тренерал МухІамад МухІамадназировасе (Аргъвани), ХІажи Мусаевасе (МелъелтІа) ва Чакар Шихшалаевалъе (ЧІиркъатІа).

**Макка МухІамадова**

ЧІАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Мухтарбий Ажековас жигараб хІалтІухъ баркала кьуна

### Ракьул ихтиярал чІезариялъул документал гьари, ихдалил хурул хІалтІабазде хІадурлъи...

**Дагъистан республикаялъул росдал магІишаталъул ва кванил нигІматазул министр Мухтарбий Ажековас кІвар бугел суалал гьоркьор лъураб оперативияб штабалъул данделъи тІобитІана.**

Видеоконференциялъул кумекалдалъун гьениб гІахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул бетІер Гъалип Гъалиповас ва муниципалияб администрациялъул росдал магІишаталъулгун экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухІамад ГІабдулхІалимовас.



Тадбиралда гьез гьоркьоб лъуна районалда росдал магІишаталъул нигІматал гьарулез росдал магІишаталъул ракьазул пачалихъияб реестралде баянал лъеялъе гьабулеб хІалтІул, пачалихъияб квербакъи щвезе ракьул участкабазе бетІергьанлъиялъул документал хІадур гьариялъул, ихдалил хурул хІалтІабазе хІадурлъиялъул, «Семенопроводные вопросы» абураб Федералияб пачалихъияб информациялъул системаялде баянал росиялъул ва цогидал суалал.

Гумбет районалъул администрациялъул росдал магІишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухІамад ГІабдулхІалимовасул ргІабазда рекъон, данделъиялда бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповасе ва муниципалияб администрациялъул росдал магІишаталъул идараялъул хІалтІухъабазе баркала кьуна жигараб ва лъикІаб хІалтІухъ.

«2025-абилеб соналъул 22-абилеб февралалда Игьали росулъ Дагъистан Республикаялъул росдал магІишаталъул ва кванил нигІматазул министерствоялда цадахъ «Лучший обрезчик сада» абураб къец тІобитІиялъул суалалдеги кІвар буссинабуна данделъиялда.

Гьеб тадбир тІобитІизе буго классик, магІарулазул адабияталъе кьучІ лъуразул цояв, Инхоса ГІали-ХІажи гьавуралдаса 180 сон тІубаялъул хІурматалда. Къец гІуцІизе буго лъималазда ва чІахІиязда гьоркьоб. Бергьарал ва призовиял бакІал росаразе грамотаби ва цогидал къиматал сайгъатал кьезе руго»,- ян бицана МухІамад ГІабдулхІалимовас.

**Макка МухІамадова**

## Гъалип Гъалипов: «ЦеретІурал росаби – къуватаб пачалихъ»

**(Байбихьи- тІоцебесеб гьум.)**

Гьеб дандеруссиналда чІикьдерил бегавул МухІамадбег Насрулаевас баян гьабуна росдае гьоркьоса къотІичІого лъим чІезабизе хІажат букІин. Рехсана гьес нухал къачІаялъулги ва абуна росдал мегІер сверун къазе кумек къваригІун бугинги.

Районалъул тІалъигун дандчІвазе рачІун рукІана ЧІикь росдал школалъул директор ГІали ГІалиев, КДЦялъул директор ГІали Сайгиднуров ва цогидал. Гъалип Гъалиповас абуна чІикьдерил гІумру-яшав борхизабиялъе бажарараб гьабизе бугин.

Килдерил гІахьаллъигунги тІобитІана араб анкьалъ данделъи. Гьеб поселениялъул школалда аскІоб бугеб нухаб бетон тІеялъул, мажгиталъул мухъ, къед бан, щулла гьабиялъул, лъим чІезабиялъул, токил къуват цІикІкІинабиялъул, сахлъи цІунигун лъайкьей цебетІезабиялъул ва цогидал килдерил гІумрудул шартІал лъикІлъизелъун тІуразе хІажатал суалал рорхана данделъиялда.

«Бакълъулазул росаби церетІезелъун муниципалиталда нухдаинаруна ва нахъеги гьаризе руго анцІ-анцІ федералиял, регионалиял проектал. Дир мурад – щивав ракьцоясул гІумру лъикІлъи. ГІагараб мухъ экономикиябгун социалияб рахъалъ цебетІураблъун букІине бажарараб гьабизе буго. ЛъикІал хІасилазул балъголъи буго цадахъаб ва гъункараб хІалтІи. Дир киназдего гьариги буго бакълъулазул гІумру лъикІлъизе мурадалда гьежгурун хІалтІеян. ЦеретІурал росаби – къуватаб пачалихъ»,- ян абуна тадбиралъул ахиралда Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цунди-Шабдухский"» Гумбетовского района

**Решение № 7**

**от « 28 » декабря 2024 г.** **«Село Шабдух»**

«О бюджете АСП «Сельсовет "Цунди-Шабдухский"» Гумбетовского района Республики Дагестан на 2025 год и на плановый период 2026 и 2027 годов».

| | 2025 год | 2026 год | 2027 год |
|---|---|---|---|
| **Доход** | **2363** | **1936,3** | **1945,2** |
| а ) Собственные доходы | 103 | 103 | 103 |
| 1.Налог на доходы физ.лиц | 41 | 41 | 41 |
| 2.Налог на имущество | 11 | 11 | 11 |
| 3.Зем. налог | 29 | 29 | 29 |
| 4. ЕСНХ | 22 | 22 | 22 |
| б) дотация | 2053,3 | 1609,3 | 1609,3 |
| в) субвенция | 206,7 | 224 | 232,9 |
| **Расход по учреждениям** | **2363** | **1936,3** | **1945,2** |
| 1.Аппарат управления | 1295,3 | 949,3 | 998,3 |
| 2.Культура | 861 | 714 | 714 |
| 3.ВУС | 206,7 | 224 | 232,9 |

**Председатель сельского Собрания**
**М.М.Магомедсайгитов**

## Правила пожарной безопасности в весенний период

**Отдел НД и ПР №15 в рамках подготовки к весенне-летнему пожароопасному периоду 2025 года напоминает собственникам земельных участков о необходимости своевременно производить уборку мусора, сухой растительности и покос травы на принадлежащих Вам земельных участках, а также на прилегающей к ним территории.**

Весна уверенно вступает в свои права. Открывается дачный сезон и вместе с ним неизбежно начнутся пожары, вызванные бесконтрольным выжиганием сухой травы, камыша и мусора. Как показывает практика, основными причинами таких пожаров является нарушение правил пожарной безопасности владельцами садовых и дачных участков при уборке территории.

Напоминает, что разведение костров вблизи дачных построек, а также выжигание сухой травы - грубейшие нарушения правил пожарной безопасности.

Поэтому садоводам необходимо не только знать, но и соблюдать следующие правила и требования пожарной безопасности:

- своевременно очищать свой участок и прилегающую к нему территорию от сухой травы и горючего мусора;

- на территориях населенных пунктов и дачных участков запрещается устраивать свалки горючих отходов;

- не загромождать проезды улиц, ведущих к садовым участкам, ветками деревьев и мусором, т.к. все это будет препятствовать проезду пожарных автомобилей;

- у каждого жилого строения необходимо устанавливать емкость с водой или иметь огнетушитель;

- на территориях дачных и садовых участков запрещается хранить на открытых площадках и во дворах емкости с легковоспламеняющимися и горючими жидкостями, а также баллоны со сжатым и сжиженным газом. И отдыхающие создают насущную проблему для работников МЧС. При отдыхе на природе разведение костров запрещено на расстоянии менее 50 метров от зданий и сооружений, а также в пределах минерализованных полос.

Основная цель любого поджога (кроме развлечения или умышленного уничтожения имущества типа стога сена у соседа) убрать прошлогоднюю траву. Но сегодня доказано, что огонь выжигает самый плодородный поверхностный гумусный слой. Гибнет вся полезная микрофлора, в том числе и та, которая помогает растениям противостоять болезням. От огня страдают и птицы, гнездящиеся на земле. Дым идущий на селах и районах, отнюдь не благоприятствует здоровью.

Сотрудники Одел НД и ПР №15 призывают жителей района и сел соблюдать элементарные меры пожарной безопасности, а при возникновении пожара немедленно сообщить о нем в пожарную охрану по телефону 01 или по сотовому телефону 112. Самое главное правило при возгорании - не поддаваться панике и не терять самообладания.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "«Мехельтинский"» Гумбетовского района

**Решение № 9**

**от « 28 » декабря 2024 г.** **«Село Мехельта»**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет "Мехельтинский"» на 2025 год в размере 7666,2 тыс рублей, и плановый период на 2026 год в размере 6478,8 тыс рублей, на 2027 год в размере 6498,7 тыс рублей.

**а) Доходы:**

| | **2025 г.** | **2026 г.** | **2027 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 5607,5 | 4373,80 | 4373,8 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 472,7 | 519,0 | 538,9 |
| Собственные доходы | 1586,0 | 1586,0 | 1586,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 1236,0 | 1236,0 | 1236,0 |
| ЕСХН | 44,0 | 44,0 | 44,0 |
| Земельный налог | 227,0 | 227,0 | 227,0 |
| Имущественный | 79,0 | 79,0 | 79,0 |
| ИТОГО: | **7666,2** | **6478,8** | **6498,7** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Аппарат управления | 4348,0 | 3075,0 | 3075,0 |
| 2. | МКУК | 1607,0 | 1562,0 | 1562,0 |
| 3. | ВУС | 472,7 | 519,0 | 538,9 |
| 4. | Резервный фонд | 100,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5. | Ф/К и спорт | 76,0 | 70,0 | 70,0 |
| 6. | Молодежная политика | 76,0 | 65,0 | 65,0 |
| 7. | ЖКХ (благоустройство) | 694,3 | 1187,8 | 1187,8 |
| 8. | Выборы ОМС | 291,2 | 0,0 | |
| | **ИТОГО:** | **7666,2** | **6478,8** | **6498,7** |

**Председатель сельского Собрания А. Х. Рурухмаева**
**Секретарь Собрании У. З. Магомеднабиев**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Жертвы мошенников – пожилые люди

**Все чаще пожилые люди становятся жертвами мошенников.**

Чтобы не попасться на уловки злоумышленников, соблюдайте простые правила:

Остерегайтесь открывать двери незнакомым вам людям. Ни в коем случае не пускайте в дом посторонних лиц. Если они выдают себя за работников социальных служб или других учреждений, спросите фамилию и телефон этой службы. Позвоните туда и убедитесь в достоверности. Если за дверью мошенник, он не станет дожидаться выяснения вами ситуации. Если же вы открыли дверь, не впускайте незнакомца в квартиру или дом, разговаривайте на пороге. Не отдавайте посторонним документы (паспорт, пенсионное, ветеранское удостоверения и т. д.)!

Не поддавайтесь предложениям обменять деньги. Никакие операции с деньгами на дому не проводятся, а разного рода доплаты к социальным выплатам поступают гражданам привычным путем - на счет в банке или их приносит почтальон!

Не покупайте никакие приборы, медикаменты или БАДы на дому, не вступайте в контакт с незнакомыми людьми, которые навязывают вам любые услуги, в том числе и по телефону!

Не доверяйте свои деньги и ценности гадалкам и ясновидящим, встретившим вас на улице или явившимся к вам в дом!

Не обращайте внимание на СМС-ки с сообщением о выигрыше и просьбой отправить определенную сумму денег на незнакомый счет или номер!

Если вам позвонили по телефону и сообщили о том, что ваш родственник попал в беду и для этого необходима определенная сумма денег, обязательно проверьте эту информацию, свяжитесь со своими родными!

Сотрудники полиции также обращаются к родным и близким пенсионеров: доведите эти рекомендации до своих пожилых родителей и других родственников, чтобы оградить их от преступных посягательств!

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

# График проведения технического осмотра тракторов, самоходных дорожно-строительных и иных машин и прицепов к ним в МР «Гумбетовский район» РД на 2025 год

| № п/п | Наименование организаций | ИНН организаций | Кол. ед. тех ни к и | Дата проведения | Место и время проведения | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | СПК «Мехельтинский» | 0509000557 | 7 | 19.03.2025г. | с. Мехельта Машинный двор.9-00 | Магомедов Бекмирза Чалабиевич |
| 2 | СПК (Колхоз) им «Имама Шамиля» | 0509106708 | 1 | 19.03.2025г. | с. Аргвани Машинный двор 12-00 | Алиев Али Сайгидгосенович 89289860468 |
| 3 | СПК « Щабдух» | 0509000966 | 2 | 19.03.2025г. | с. Щабдух Машинный двор 14-00 | Юсупов Абдулазиз Набигулаевич 89286722586 |
| 4 | СПК (Колхоз) им.«Цилитлинский» | 0509106715 | 6 | 20.03.2025г | с. Цилитль Машинный двор 9-00 | Гимбатов Адилби Расулович 89280584546 |
| 5 | СПК .« Цундинский» | 0509001173 | 1 | 20.03.2025г | с.Дунди Машинный двор 12-00 | Набигулаев Ахмед Набигулаевич |
| 6 | СПК (Колхоз) « Данухский» | 0509106842 | 4 | 21.03.2025г. | с. Данух по согласованию с инспекцией Машинный двор 9-00 | Абдулгамидов Абдурахман Магомедрасулович 89887758406 |
| 7 | Администрация сельского поселения с. Тлярата | 0509005756 | 1 | 27.03.2025г. | с. Тлярата по согласованию с органами гостехнадзора 9-00 | Залумханов Анвар Магомедович |
| 8 | Администрация СП «Сельсовет Мехельтинский» | 0509005844 | 2 | 27.03.2025г. | с. Мехельта по согласованию с органами гостехнадзора 10-00 | Абдунасиров Магомед Ахмедович 89285661894 |
| 9 | Администрация сельского поселения с. Гадари | 0509007778 | 1 | 27.03.2025т | с. Гадари по согласованию с органами гостехнадзора 12-00 | Мухумаев Абдула Магомедсултанович 89280457595 |
| Го | Администрация сельское поселение с. Нижнее Инхо, | 0509005837 | 1 | 27.03.2025г | с. Нижнее Инхо по согласованию с органами гостехнадзора с 14-00 | Расулов Омарасхаб Тажудинович 89634039936 |
| 11 | ------------------------- ч » Администрация СП «Сельсовет Арадирихский» | 0509035876 | 1 | 27.03.2025г. | с. Арадерих по согласованию с органами гостехнадзора с 16-00 | Джамалудинов Джамалудин Набиевич |
| 12 | ООО «Рахмат» | 0509006830 | 1 | 24.04.2025г. | с. Мехельта'Машинный двор 9-00 | Саидов Нажмудин Магомедович 89285204560 |
| 13 | ООО «ЮГ-ГИПС» | 0509005629 | 2 | 24.04.2025г. | с. Мехельта по согласованию с органами гостехнадзора 10-00 | Косов Станислав Сергеевич 89285967118 |
| 14 | АО «РЕМОНТНОСТРОИТЕЛЬНЫЙ УЧАСТОК» | 0509105567 | 4 | 24.04.2025 г. | с. Мехельта по согласованию с органами гостехнадзора 11-00 | И.о. Сурхаев Малачи Амиралиевич 89640205511 |
| 15 | ООО «Чиркатинский консервный завод ЖДИ» | 0509106602 | 5 | 24.04.2025г. | с. Чир ката по согласованию с органами гостехнадзора 15-00 | Абдулхалимов Гаджимурад Гаджиявович |
| 16 | Прикутанные х-ва Гумбетовского района Бабаюртовской зоны РД | | | с. 19.03.2025г. по21.03.2025г | Машинный двор по согла - сованию с органами гостехнадзора с9-00 до 18-00 | Руководители учреждений организаций. |
| 17 | Физ. лица ООО, ИП, КФХ и.т.д. всего | | 58 | В течении года | По согласованию с органами гостехнадзора с 9-00 до 18-00 | Владельцы самоходных машин |

БетІерав редактор:
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухІамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.